ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКIУ

АДЫГЭ ХАБЗЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЛАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№210 (21.118) ● 2007 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 27, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КъБР-м и Президентым Дзэлыкъуэ районыр къыззэхекIухь

● Къэрал къулыкъущIапIэхэм

Дзэлыкъуэ районым и къуажэхэу КъБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсен жэпуэгъуэ мазэм и 23-24-хэм зэрищIыжа-хэм я ятхыбанIэм и щIыхь-хэр щIэтхъусхэр псыкIэ къыззрызэрагъэпэщым, гъэгухэм я щытыкIэм хэль зэкIэлъымыкIуагъэхэрщ.

Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

ГЪУЭГУХЭМ я Iыхьэ языныкъуэхэр ЗэкъошIыгъуэ дыдэм зэрагъэпэщыжыну, адрейхэр 2008 - 2009 гъэмэ гъэ я планым хагъэхьэну Президентым зыхуэфащэ щIыхьэхэм пщэрыльхэ ящищIащ. Къуажэдэсхэм абы яхуIуэтащ псыкIэ къызэрызэрагъэпэщ щIыкIэр реконструкцIэ щIыныкIэ республикэ программэу лъэхъэнэлъэхъэнэкIэрэ зэфIагъэкIынкур зыхуэздэр. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, жьы хъуа бжьамийхэмрэ насосхэмрэ зэхъуэкIын кьудейкIэ Iуэхуу языныкъуэ щIыпIэхэм щызэфIэкIынкъым. Къапщтэмэ, Шордакъ къуажэм а Iуэхум нэхъ куууэ щыIбгъэдыхьэн хуэейщ щIэт псыр зэрымащIэм кьыхэкIыу.

Президентыр, министрхэр, Президентым и чэнджэщкIуэ Уянаевэ Аминат и гъусэу школхэм, сабий садхэм, амбулаторхэм, щэнхабзэмкIэ унэхэм щыIащ унащхьэхэр зэхъуэкIын, зэгъэпэщыжын, унэльащIэ кьэщхэр, линолеумкэр зэхъуэкIын я лъэныкъуэкIэ щIэрыльхэр яхуищIу. Президентым и фондым кьыхэкIыу компьютер тхурытху яIэрыльхэнущ школитIым. Унафэ яхуищIащ сымаджэщхэм, школхэм, щэнхабзэмкIэ унэхэм зэрабгъэдыхьэ гъэзугъэм асфальт трапльхэну. Амбулаторэ зыбжанэм автотранспорт хухахынущ, зы илъэсилъэситI гъэнэгъуэм физиотерапиемкIэ кабинетхэм папщIэ оборудованэ кьаIэрыльхэнущ. Сэрмакъ школ, Дзэлыкъуэдэс сабий сад, Шордакъ амбулаторэ, Беломаненкэм щэнхабзэмкIэ унэ щащхьэхэр зэхъуэкIын, зэгъэпэщыжын, унэльащIэ кьэщхэр, линолеумкэр зэхъуэкIын я лъэныкъуэкIэ щIэрыльхэр яхуищIу. Президентым и фондым щыIэ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Псалъэмакъ гъэщIэгъуэн, КъБР-м и Президентым иригъэкIуэкIыу.

КъБР-м и Президентым Дзэлыкъуэ районыр къызэрикIухьащ

(КIуэхыр. ПэщIэдзэр 1-нэ пап.)

- Илъэс къэс къуажэхэр къызэхткIухьуэрэ яхуэзфIэкIаХэр къэтпщытэнущ, яхуэзфIэмыкIыу къэнаХэм деплъынущ, - жиIащ Къанокъуэ Арсен. - Дэтхэнэ къуажэмэ и цIыхуэхэм жаIэр зэхэсхэ, сэ си нэгум нэхьыфIу къащIызогъхьэф республикэм цIыдэ щытыкIэр зыхуэдэр. ЦIыхуэхэм я гукъыдэжыр Iей дыдэкъым, ахэр хуейщ зэхъуэжкIынигъэхэр щIыдэ къуэ ятьагъуэу иКи си фIэщ мэхъу ди дежь Iэуэхэр къуажэм зэрыщефIэкIуэнур.

Районым и къуажэхэм я лIыкIуэхэр кIырхьэлIэу, район администрацэм и Iэтащхьэ Махуэ Хьэсэн иригъэкIуэкIа зэIущIэм хэтащ КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен, абы и гъуэ министрхэр, ахтхуэдэуи Къэрал Думэм Бюджетымрэ налогхэмкIэ и комитетым и унафэщI Васильев Юрий, УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Ипщэ федеральэ округым щыIэм и Аппаратым и федеральнэ инспектору КъБР-м щыIэ Меркулов Александр, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдз Дышэкl Мадинэ, «Зыуэ щыт Урысей» политикэ партым и щIыналъэ къудамэм и унафэщI Жэрыкъуэ Борис.

- Иужьрей илъэси 10-20-м къуажэдэсхэм гулытэу ягъуэтар мащIэщ, гугъуехь куэди яхуэзтрихьащ, - жиIащ Къанокъуэ Арсен. - Дэ цIыкIухэм гулытэ яхуэтщIын, махуэ кIэс ди нэIэ ятедгъэтын хуейщ. Районхэм, жылагъуэхэм я администрацэхэм я Iэтащхьэхэм унафэ тращIыхьынущ езыгъэр зыпэлъэщыну Iэуэхуэм. Зи кьалэнхэр зымыгъэзащIэхэм ткIийуэ дабгъэдыхьэнущ. ЦIыкIухэр псыкIэ къызэрыгъэхьэпэ щIыкIэр реконструкцэ щIынир Урысейм и Ипщэлъныкъуэ программэм хагъэхьащ. Гъэзэгуэгъэ икIэщIыпIэкIэ зэрыгъэщIэн щIын, школхэр зэгъэпэщыжьын хуейщ. Дэ ди кьалэнщ технологиещIэхэр къуажэм щыхэтпщэну. 2005 гъэм республикэм и бюджетыр сом меларди 8,5-рэ фIэкI мыхьуу, щIыхуэр сом меларди 5,5-м нэсу, лэжьапIэр тыныр мази 5-6-кIэ зэтраIыгъэу щытащ. Нобэ бюджетыр сом мелард 19,2-м нос, мыдрейуэ, щIыхуэр сом мелуан 850-кIэ нэхъ мащIэ ящIащ. ЦIыкIухэр нэхъыфIым псынщIэу йоэжьрн, нэхъыбэ кьагъэуву щIадзэ. Ар тэмэмщ, дэ зыри къытщIыхьунукъым иКи ар къыдгуроIуэ. Iуэхум дэ къыщыщIэдзащ кьалащхьэм, иджы районхэм я Iуэху зыдохуэ. Хуэмурэ зэрыщыту республикэри зэIузэпэщ тщIынщ. Сыхуейт лэжьыгъэхэр щэщIауэ екIуэкIыщ слъагъуну. Куэдым ягу ирихьыркъым ахэр ахьшэ кIэрикIуэпIэм пэIэщIэ зэращIар. Сэ политикэм сыщIыхьыхьар ахьшэ щхьхьIэкъым. Сэ сыщIылэжьа компанием ахъшэу зэригъэкIуэкIт

Сурэтхэр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

● Жьыщхьэ махуэ

ЩОМАХУЭ Лъостэн:

«Псоми нэмыс тхэлъыпхъэщ»

Мис апхуэдэ щапхъэхэмкIэ, сурэтхэмкIэ, хьыбар гъэщIэгъуэнэхэмкIэ згъэщIэращIэрт географиемкIэ, естествознаниемкIэ сты дерсхэр. «Нэрылъагъу пособие» жьыхуаIэхэр егъэджакIуэ дэтхэнэми куэдрэ кьиргъэсэбэпыпхъэщ.

Кьимыдэкlэ, егъэджакIуэр ныбжьыщIэхэм яхьыхэм хуеинкъым и кIэстумыр упIыщIауэ, и жьакIэр щIуи щытащ, иджыпсту Нартан щолажьэ. И щхьэгъусэр - Анцхуэтэ Владимир - подполковникщ, пенсэм щыIэщ. Я ящэм хуэдэу, си пхырыпльхэу Асльэмбэчи Руслани Шынагъуэм шагъэмкIэ федеральнэ Iуэхущ Iапэм и лэжьакIуэщ.

Зыубгъуауэ псоми сатепсэльыхьыфынкъым. КIэщI дыдэу жысIэнщи, хьарзынэу мэпсэу, я бынхэр кьагъэху, ирагъаджэ, яГъэлажьэ Лиди, Люди, Марини. Къуэрылъху-пхъурылъхуу 13 сиIэщ (абыхэм я быныжхэм зэкIэ я гугъу сщIынкъым).

- Лъостэн, уэ щыгъуфI ущиIэщ укъыщыхьуа Зенкъуэмм мы зэманым узыщIысэу Налшыки. Жылагъуэ Iуэхуэхэм жыджэру уэтщI. Ар, щэн хэмылъу, гулъытэншэу кьанэу кьыщIэкIынукъым. Сыт хуэдэ дамыгъэхэр уиI?

- Зауэм сызэрыхэтам кьыхэкIыу кьызатащ «Хэку заущхуэ» орденым и япэ нагъыщIэр, медаль зыбжанэ. Егъэджэныгъэм щызиIа гъэжьыгъэм кьыпхьIащ «За доблестный труд» медалыр, щытхъу тхыльр, нэгъэущ саугъэт зыбжанэ. А псоми яхэзгъэфIыкIыр «За оборону Сталинграда» медалырщ. Сталинград зауэр зэриухэр илъэс хьщI щрикъум я кьалэм драгъблэгъат -э, Мулаев Шарафутин, Мочевскэ Ольгэ Сымэ. ИкъукIэ дыкъагъэтэпIащ зауэм хэтахэр. ЕкIуу дыкьагъэхьэщIащ, псалъэ гуапэ куэд кьыхужаIащ, тыгъэфIэжмкIи кьыхуэупсащ. «Къэбэрдей-Балъкъэрым кьикIаХэр» - жаIэурэ, пщIэ лей кьыгъэщIащ. Куэдым, я сабийхэр гъуэ кьыслхуащIурэ, сурэт страхащ.

- Апхуэдэ пщIэр, дауи, куэд и уасэщ. Налшык и уэрам язынымкъуэхэм щыдолъагъу сурэтышхуэ. Президент Къанокъуэ Арсен ро уэрэ фызэбгъэдэсу. Ар мыхьэнэкъуэ зиIэ зэманкъэ, нэхъ ныкъхэмрэ нэхъыщIэхэмрэ я зэкъуэтынигъэм и щыхьэту, куэдым кьатынтэ. А сурэтыр щыфтраха махуэм сыт Къанокъуэмрэ уэрэ нэхъ фызыгъпсэзгъэхьар?

- Нэхъыжьхэм Iэщ пщIэ кьытхуищIыртэ нэхъыжьхэм дя ресвуслинкIэ и Iотащхьэу щыта КIуэкIуэми (и ахърэтыр нэхъ Тхъэм ищI!). Апхуэдэщ, уебгъэмэ, нэхъ гумащIэжщ Къанокъуэ Арсени. Абы и гур кьабзэщ, и нэгум нур гуапэр щоблэ. Нэрылъагъущ ар щIыхуэхэм хьэлэту зэрахуэлажьэр. Си гуапэ сепсэгъашэ зы сыкьэт хуэдизкIэ. Сыхуэтхъэусыхащ гуныкIыуэгъуэ зэрызиIэ IуэхуэхмкIэ. Си псалъэм кьыхуэзгъэщащ щIым телэжьынэр мэкъумэщIыщхьэ Iуэхущ Iыбэ зэращIр, ар гуэвэгъуэшхуэу зэрызбжьыр. Арсен гупсэуну кьыхэзгъуащ, быдэуи сыкьынгъэугъащ зи гугъу сщIа ныкьуСанынгъэхэр игъэзэкIуэжыну. Си бгъэщ мэхъу а щIалэм и псалъэр. Кьанокъуэр ди дежкIэ щапхъэфIщ, щыхуэ хьэлэмэтщ, ди дзыхьыр дапщэщи зэдгъэзэпхъэщ.

- Лъостэн, уи ныбжьыр нобэ нIэс бгъэщIапхъэ щрокъу. Ар дауэ зэрыбгъэтэпIэнур?

- СхуагъэльэпIэнущ си бынхэм, къуэрылъху-пхъурылъхуэхэм. «Дауэ-дапщэщхуэ фымыщI» - жжызоIэ, ауэ, шэч зэрысщIымкIэ, мы зы IуэхуэмкIэ кьыздэIуэщIэну кьыщIэкIынукъым.

- «Адыгэ псалъэ» газетым и дэжькаIуэхэм я цIэкIэ сынохьуэхьу дяпэкIи куэдрэ утхуэузыщIыну, дэрэжьгъуэфI уиIэу уи нIэсэщIэм уиэсыну!

- ФIыщIэ пхузощI! «Адыгэ псалъэм» и лэжьакIуэхэм ди республикэм и пэсми Тхъэр арэзы кьыдэхухьу, фи мурадхэмрэ хьэупсапIэхэмрэ кьывигъэхъуIэ!

Епсэтхар

ТХЪЭМОКЪУЭ Барэсбийщ.

● Дэ кьытхуатх

Гукъэкl къудейкъым

ЕгъэджакIуэхэмрэ дохутырхэмрэ я лэжьапIэр зэрымащIэм куэд тражьыхьащ. Ауэ а Iэщ Iагъэхэм ирилажьэхэм я дежкIэ мыхьэнэ нэхъ мащIэ иIэкъым дэтхэнэми и Iэщ Iагъэм кьыхуэущI пщIэм. Зи ныбжьыр хэкIуэтахэм фIыуэ щIэжьи, егъэджакIуэхэр, дохутырхэр щIэныкъэмкIэ факультетхэр кьэзыхуахэр ягъуэта Iэщ Iагъэм ину иригушхуэу зэрыщытар. Къуажэхэм я Iэщ Iагъэхэм щыпащI щыIэтхъым, абыхэм иригъажьэхэмэ и щIыхьыр инт.

АБыИ нэгъуащI куэдми я гугъу ящIащ «Зыуэ щыт Урысей» политикэ партым и щIыналъэ спискэмкIэ Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм и депутатхэм я кандидату кьагъэлъэгъуэ Щхьэгуэш Адэлбий хэхакIуэхэм щаIущIам.

ЖыIэпхъэщ щыхуэхэм щIэныгъэ щрагъэгъуэт, щеIэзэ Iуэхущ Iапхъэхэм псом япэ ящIэхьэну мурад зэрищIар ауэ сытми кьэхъуэ гукъэкIыу зэрыщымыпIар. Ар икIи гурыIуэгъуэщ: дохутырхэмрэ егъэджакIуэхэмрэ ящыщщ псэунымкIэ нэхъ хэмыщIа цIыкIухэм. Ахэр зыIууэ гугъуехьэм фIыуэ щыгъуазэщ Щхьэгуэшыр, «Солидарность» псапащIэ фондым щылажьэкIэрэ, КъБР-м и Парламентым хэткIэрэ. Апхуэдэ зэIущIэхэм я мурад нэхъыщIыкIэр мы зэманым нэхъ ткIийуэ къэзыр гугъуехьэр дэгъэкIын и лъэныкъуэкIэ зыгуэркIэ щIагъэкъуэн хъунырщ, хэхакIуэхэм я гурыIуэ-гурыщIэхэм, пщIэрылъ ящIхэм щIэдзэIуныращ, цIыкIухэм я упщIэхэм зэпкърыхауэ жэуапри ятынырщ. Кандидатым и зэманыр зэпэчыдащ - мазуэм зэIущIуэ щы нэхърэ мынэхъ мащIэ иригъэкIуэкIын хуейщ. Щхьэгуэш Адэлбий зэIущ цIыку 1000-м щIигъуи яIущащ.

ИВАНОВЭ Славэ.

Автомобиль транспортым и лэжьакIуэхэм я махуэр ильэс кьэс ди къэралым щагъэлъапIэ. Абы щхьэусыгъуэ пIащ: автомобильр ди зэманым щыхуэкIэ нэхъ кьагъэсэбэп, кьахуэщхьэпэ, мыкьэнэшхуэ зиIэ Iэмалхэм щыщщ. Ятэрауэ, сыхуейт мы Iуэхум куэд щIауэ щылажьэ ди нэхъыкьыфIхэм, автотранспорт предприятэхэм я унафэщIхэм, хьэрычтыщIэхэм, рульыр зыщIыкIэм, техникэ лэжьакIуэхэм, кIэщIу жыпIэмэ зи лэжьыгъэкIэ автомобиль транспортым пщIащэм махуэщхуэмкIэ сынывэхъуэхьуну.

АВТОМОБИЛИСТХЭМ я лэжьыгъэр сыт щыгъуи мыхьэнэщхуэ зиIэщ, ауэ гугъуехь куэдкIэ щынагъуи зыпылъщ. Автомобилистхэм ныгуроIуэ ахэр куэдкIэ жэуап такIуэу зэрыщытыр, я Iуэху бгъэдэтынкIэм, я лэжьакIэм кьэралым, республикэм я зыужьынымгъэр зэрельтар. Транспорт зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ мы илъэсым и мазибгъуэм ди республикэм кьыщIашIэкIащ щIыкIуан 52-м щIигъу. Ар гъэ кIуам епIыкIтэмэ, процентыр 112-м нос. Хьэлъэ кьэзыщIэкIэмэ я кьалэнхэр хъарэнэу ягъэззэщIащ, тонн мелуани 4-м щIигъу ягъэIэпхъуэри, нэгъабэ ящIа лэжьыгъэм проценти 120-кIэ щIагъасэгъащ.

Апхуэдэ бжьыгъэхэм кьагъэлъагъуэ лэжьыгъэфI дыз эрилэр. Ауэ зэхъуэкIыныгъэхэр мытэмэу зэрекIуэкIам и зэранкIэ, нэгъэса мыхьауэу, ныкьуСаныгъэ зыхэлIу Iэнатlэ куэди дилэщ. Псом хуэмыдэу дегъэпIейтей муниципальнэ автопасажир предприятэхэм я машинэхэр жы зэрыхьуам, ар мылъку зэрыхуущIэм. Нэхъапэхэм нэхъыфIкIэ дыщIигугъат льготэ зиIэхэр кьыз эрыращэкIым папщIэ предприятэхэм ахьшэ кьэуауатIыпщу зэрыщIадзам, ауэ ари дыз эрыхуейм хуэдэу кьыщIэкIакьым. Мылъку кэд тёдгъэкIуэдащ автомобилхэр зэгъэзэрыщкьыным, щIэхэр кьэщхьхуным. Ди жагъуэ зэрыхуущи, лизингкIэ машинэхэр зыIэрыгъэхьэнри Iэмалыкlэ дыдэу кьыщIэкIакьым: предприятэ кэдым кьэлэрыхьэ автотранспортым и уасэр ятыжьыфакьым. Дауи, уней автомобилхэм я закьуэкIэ цIыкIур кьешэжьыныр пхуэзэфIгъэжьынукъым, нэхъыфIр автобус курпхтэр, нэхъ иныбуэхэр диЭнырт. КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен и жэрдэмкIэ Волгоград областым дыпыщIащ, абы долъагъэ Бахьсэн дэт «Лимб» заводыр, «Волжанин» автобус заводым и Iуэхущ Iапэу ми предприятэм кьыщызэIуахам щызэпэкъральхьа автобусыщIэхэр кьыгъэхьэхуэжьащ. Маршрут зэмылIэужьыгъуэхэр диIэ хьуащ, расписанэхэр щIэуэ зэхэтгъхьащ, Муниципальнэ щIыналъэхэм я унафэщIхэм дагурыIуауэ, цIыкIухэр кьезыщIэжьуэ зэпеуэкIэ зэрыхьуам, я Iуэхущ Iапэу ми предприятэм кьыщызэIуахам щызэпэкъральхьа автобусыщIэхэр кьыгъэхьэхуэжьащ. Маршрут зэмылIэужьыгъуэхэр диIэ хьуащ, расписанэхэр щIэуэ зэхэтгъхьащ, Муниципальнэ щIыналъэхэм я унафэщIхэм дагурыIуауэ, цIыкIухэр кьезыщIэжьуэ зэпеуэкIэ зэрыхьуам. Ауэ абы и лъэныкъуэкIи тхуэзэфIэкIыну псорэ тщIакьым - тщIэнур гъунэжщ. Правительствэм и унафэкIэ кьызэрагъэпэща комиссэм пассажир транспортым адэкIэ зэрызиужьыну щыкIэр егъэзыгъэ. Абы и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэр беджэжьыкIыхуащ, нэгъуэщI щыпIэхэм я лэжьэкIэри дджынущ.

ДызыгъэпIейтей Iуэху нэхъыщхьэхэм ящыщщ гъуэгум зэрыщызекIуэ хабзэхэр гъэззэщIэныр. «2007 - 2009 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и гъэгуэхэм щызекIуэнымкIэ шынагъуэнщагъэр кьэIэтыныр» республикэ программэ хэхар мы зэманым зрагъэззэхэк, ар щагъэззэщIэну пIальэр 2012 гъэм нэсу ягъэIэпхъуэ.

Правительствэм и Унафэщ Ярин А.В. и унафэкIэ, зыхуэфащэ министерствэхэмрэ Iуэхущ IэхэрэпIэхэмрэ тщIыгъуу дыхолльэ гъуэгуэхэм зэрыщызекIуэр зыунэтI центр зэгуэт кьызэгъэпэщыным.

Гъэзэгуэмэ долъжь, нэхъыфI дощ, федеральнэ, республикэ бюджетхэм кьыхэкI ахьшэр нэхъыбэ зэрыхьуар кьэдгъэсэбэпурэ. ЩIыналъэ зэхуакуэм щызекIуэ транспортыр зэпымыуу я нэхъыбэ зэрыхьуар кьэлытауэ, дэ догъэбелджылы хьэлъэу куэд щагъэпэхуэу, туристхэм я зекIуапIэу щыт гъэзэгуэгъэ икIи ахэр зыхуэзгъэзэщIэр япэ идогъэщ.

СУНШ Ануарбий,
КъБР-м Транспортымкlэ, связымкlэ, гъэзэгу хозяйствэмкlэ и министр.

● Пщэдей Автомобиль транспортымрэ гъэзэгу хозяйствэмрэ я лэжьакIуэхэм я махуэщ

Лэжьакlэщlэм дыхуокlуэ

Автомобиль транспортым и лэжьакIуэхэм я махуэр ильэс кьэс ди къэралым щагъэлъапIэ. Абы щхьэусыгъуэ пIащ: автомобильр ди зэманым щыхуэкIэ нэхъ кьагъэсэбэп, кьахуэщхьэпэ, мыкьэнэшхуэ зиIэ Iэмалхэм щыщщ. Ятэрауэ, сыхуейт мы Iуэхум куэд щIауэ щылажьэ ди нэхъыкьыфIхэм, автотранспорт предприятэхэм я унафэщIхэм, хьэрычтыщIэхэм, рульыр зыщIыкIэм, техникэ лэжьакIуэхэм, кIэщIу жыпIэмэ зи лэжьыгъэкIэ автомобиль транспортым пщIащэм махуэщхуэмкIэ сынывэхъуэхьуну.

АВТОМОБИЛИСТХЭМ я лэжьыгъэр сыт щыгъуи мыхьэнэщхуэ зиIэщ, ауэ гугъуехь куэди щынагъуи зыпылъщ. Автомобилистхэм ныгуроIуэ ахэр куэдкIэ жэуап такIуэу зэрыщытыр, я Iуэху бгъэдэтынкIэм, я лэжьакIэм кьэралым, республикэм я зыужьынымгъэр зэрельтар. Транспорт зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ мы илъэсым и мазибгъуэм ди республикэм кьыщIашIэкIащ щIыкIуан 52-м щIигъу. Ар гъэ кIуам епIыкIтэмэ, процентыр 112-м нос. Хьэлъэ кьэзыщIэкIэмэ я кьалэнхэр хъарэнэу ягъэззэщIащ, тонн мелуани 4-м щIигъу ягъэIэпхъуэри, нэгъабэ ящIа лэжьыгъэм проценти 120-кIэ щIагъасэгъащ.

Апхуэдэ бжьыгъэхэм кьагъэлъагъуэ лэжьыгъэфI дыз эрилэр. Ауэ зэхъуэкIыныгъэхэр мытэмэу зэрекIуэкIам и зэранкIэ, нэгъэса мыхьауэу, ныкьуСаныгъэ зыхэлIу Iэнатlэ куэди дилэщ. Псом хуэмыдэу дегъэпIейтей муниципальнэ автопасажир предприятэхэм я машинэхэр жы зэрыхьуам, ар мылъку зэрыхуущIэм. Нэхъапэхэм нэхъыфIкIэ дыщIигугъат льготэ зиIэхэр кьыз эрыращэкIым папщIэ предприятэхэм ахьшэ кьэуауатIыпщу зэрыщIадзам, ауэ ари дыз эрыхуейм хуэдэу кьыщIэкIакьым. Мылъку кэд тёдгъэкIуэдащ автомобилхэр зэгъэзэрыщкьыным, щIэхэр кьэщхьхуным. Ди жагъуэ зэрыхуущи, лизингкIэ машинэхэр зыIэрыгъэхьэнри Iэмалыкlэ дыдэу кьыщIэкIакьым: предприятэ кэдым кьэлэрыхьэ автотранспортым и уасэр ятыжьыфакьым. Дауи, уней автомобилхэм я закьуэкIэ цIыкIур кьешэжьыныр пхуэзэфIгъэжьынукъым, нэхъыфIр автобус курпхтэр, нэхъ иныбуэхэр диЭнырт. КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен и жэрдэмкIэ Волгоград областым дыпыщIащ, абы долъагъэ Бахьсэн дэт «Лимб» заводыр, «Волжанин» автобус заводым и Iуэхущ Iапэу ми предприятэм кьыщызэIуахам щызэпэкъральхьа автобусыщIэхэр кьыгъэхьэхуэжьащ. Маршрут зэмылIэужьыгъуэхэр диIэ хьуащ, расписанэхэр щIэуэ зэхэтгъхьащ, Муниципальнэ щIыналъэхэм я унафэщIхэм дагурыIуауэ, цIыкIухэр кьезыщIэжьуэ зэпеуэкIэ зэрыхьуам. Ауэ абы и лъэныкъуэкIи тхуэзэфIэкIыну псорэ тщIакьым - тщIэнур гъунэжщ. Правительствэм и унафэкIэ кьызэрагъэпэща комиссэм пассажир транспортым адэкIэ зэрызиужьыну щыкIэр егъэзыгъэ. Абы и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэр беджэжьыкIыхуащ, нэгъуэщI щыпIэхэм я лэжьэкIэри дджынущ.

ДызыгъэпIейтей Iуэху нэхъыщхьэхэм ящыщщ гъуэгум зэрызекIуэ хабзэхэр гъэззэщIэныр. «2007 - 2009 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и гъэгуэхэм щызекIуэнымкIэ шынагъуэнщагъэр кьэIэтыныр» республикэ программэ хэхар мы зэманым зрагъэззэхэк, ар щагъэззэщIэну пIальэр 2012 гъэм нэсу ягъэIэпхъуэ.

Правительствэм и Унафэщ Ярин А.В. и унафэкIэ, зыхуэфащэ министерствэхэмрэ Iуэхущ IэхэрэпIэхэмрэ тщIыгъуу дыхолльэ гъуэгуэхэм зэрыщызекIуэр зыунэтI центр зэгуэт кьызэгъэпэщыным.

Гъэзэгуэмэ долъжь, нэхъыфI дощ, федеральнэ, республикэ бюджетхэм кьыхэкI ахьшэр нэхъыбэ зэрыхьуар кьэдгъэсэбэпурэ. ЩIыналъэ зэхуакуэм щызекIуэ транспортыр зэпымыуу я нэхъыбэ зэрыхьуар кьэлытауэ, дэ догъэбелджылы хьэлъэу куэд щагъэпэхуэу, туристхэм я зекIуапIэу щыт гъэзэгуэгъэ икIи ахэр зыхуэзгъэзэщIэр япэ идогъэщ.

СУНШ Ануарбий,
КъБР-м Транспортымкlэ, связымкlэ, гъэзэгу хозяйствэмкlэ и министр.

● Гу зылытапхъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакlуэ комиссэм къет

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр хэхыным и Iэхэхкlэ» КъБР-м и законым ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и ещанэ зэхэсыгъэм дыщIагъэжу хахыну депутатхэм я кандидату ятахэм щIэ щIамыту ф ягъэзэ ман хуэхъ.

АбыкIэ заявкэхэр КъБР-м и Хэхакlуэ комиссэм къыщIах 2007 гъэм жэпуэгъуэм и 27-м сыхьэтыр 18-м нэсыху, пщIэ зыщIамыт эфир эзманыр гуэшынымкIэ пхъэидзэм хэтын щхьэкIэ.

Кандидатхэм хуитынигъэ яIэщ пщIэ зыщIамыт эфир эзманыр зэрыщыту е агитацэ Iэхэгугъэхэр егъэкIуэкIынымкIэ.

КъБР-м и Парламентым и депутатхэм я кандидату (унэцIэр, цIэр, адэцIэр)

_____ округым кьыщIагъэлъэгъуэ

2007 гъэм жэпуэгъуэм и «_____»

ЦIыхуэб хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэм ящIэн щхьэкIэ

«Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутатхэр хэхыным и Iэхэхкlэ» Федеральнэ Законым икIи «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр хэхыным и Iэхэхкlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым япкъ иткIэ цIыхуэб хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэу зэхыныгъэхэм зэрыхэтынымкIэ КъБР-м и Хэхакlуэ комиссэм хъыбар кьезыгъэщIащ щIэхэм я лэжьакIэрэ щIэныгъэ зэрыщытыр, ныбжьыщIэхэм я лэжьакIэ зэрыщытыр.

Гу зылытапхъэ щIэныгъэ щрагъэгъуэт, щеIэзэ Iэхэхкlэ зэрыщыIэр, ныбжьыщIэхэм я лэжьакIэ зэрыщытыр, ныбжьыщIэхэм я лэжьакIэ зэрыщытыр. Ар икIи гурыIуэгъуэщ: дохутырхэмрэ егъэджакIуэхэмрэ ящыщщ псэунымкIэ нэхъ хэмыщIа цIыкIухэм. Ахэр зыIууэ гугъуехьэм фIыуэ щыгъуазэщ Щхьэгуэшыр, «Солидарность» псапащIэ фондым щылажьэкIэрэ, КъБР-м и Парламентым хэткIэрэ. Апхуэдэ зэIущIэхэм я мурад нэхъыщIыкIэр мы зэманым нэхъ ткIийуэ къэзыр гугъуехьэр дэгъэкIын и лъэныкъуэкIэ зыгуэркIэ щIагъэкъуэн хъунырщ, хэхакIуэхэм я гурыIуэ-гурыщIэхэм, пщIэрылъ ящIхэм щIэдзэIуныращ, цIыкIухэм я упщIэхэм зэпкърыхауэ жэуапри ятынырщ. Кандидатым и зэманыр зэпэчыдащ - мазуэм зэIущIуэ щы нэхърэ мынэхъ мащIэ иригъэкIуэкIын хуейщ. Щхьэгуэш Адэлбий зэIущ цIыку 1000-м щIигъуи яIущащ.

ИВАНОВЭ Славэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр хэхыным и Iэхэхкlэ

Хэхакlуэ комиссэм ятха кандидатхэм, политикэ партхэм я щIыналъэ къудамэхэу законым игъэуа кабзэм тету зи кандидатхэм я спискэхэр езыгъэтхэхэм хъыбар ярегъащIэ «УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутатхэр хэхыным и Iэхэхкlэ» Федеральнэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр хэхыным и Iэхэхкlэ» КъБР-м и Законым япкъ иткIэ пщIэ зыщIат эфир эзман, пщIэ зыщIат газет напкIэуцI Iыхьэ зухахьи щхьэкIэ зыхуэфащэ телерадиовещанэ организацэхэм я щIыналъэ кьытезыщIэхэм (кьэзыхьэм) зыкуатIэзэн хуейщ пхъэидзэм хэтын щхьэкIэ. Заявкэхэр телерадиовещанэм и организацэ, газет зыхуэфащэхэм Iыхьэ жэпуэгъуэм и 29-м сыхьэт 18 пщIондэ.

Пщ1э зыщIат эфир эзманымрэ газет напкIэуцI Iыхьэмрэ ятегуэшэнымкIэ пхъэидзэр ирагъэкIуэ 2007 гъэм жэпуэгъуэм и 28-м щыщIэдзауэ щхьэкIэ-гъэм и 1-м нэсыху.

КъБР-м и Парламентым и депутатхэм я кандидатхэм, политикэ партхэм я щIыналъэ къудамэхэм ящIэн щхьэкIэ

Хэхакlуэ комиссэм ятха кандидатхэм, политикэ партхэм я щIыналъэ къудамэхэу законым игъэуа кабзэм тету зи кандидатхэм я спискэхэр езыгъэтхэхэм хъыбар ярегъащIэ «УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутатхэр хэхыным и Iэхэхкlэ» Федеральнэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр хэхыным и Iэхэхкlэ» КъБР-м и Законым япкъ иткIэ пщIэ зыщIат эфир эзман, пщIэ зыщIат газет напкIэуцI Iыхьэ зухахьи щхьэкIэ зыхуэфащэ телерадиовещанэ организацэхэм я щIыналъэ кьытезыщIэхэм (кьэзыхьэм) зыкуатIэзэн хуейщ пхъэидзэм хэтын щхьэкIэ. Заявкэхэр телерадиовещанэм и организацэ, газет зыхуэфащэхэм Iыхьэ жэпуэгъуэм и 29-м сыхьэт 18 пщIондэ.

Пщ1э зыщIат эфир эзманымрэ газет напкIэуцI Iыхьэмрэ ятегуэшэнымкIэ пхъэидзэр ирагъэкIуэ 2007 гъэм жэпуэгъуэм и 28-м щыщIэдзауэ щхьэкIэ-гъэм и 1-м нэсыху.

Адыгэхэр Европарламентым ирагъэблагъэ

Лъэпкъ Іуэжу

Европарламентым адыгэхэр щІэсщ.

Иужьрей ильэсым тхакІуэ, кинорежиссер Іэзэ, композитор Къандур Мухьэдин инджылыз пащтыхь гуащэм и уардэунэм и гъэнэгъуу Винзор щопсэу. Иджыблагъэ ар хэтащ Европарламентым щекІуэкІэ «Адыгэ махуэм», Дэ Мухьэдин упщІэ зыбжанэкІэ зыхуэдгъэзащ.

- Мухьэдин, Европарламентым жэпуэгъуэм и 15-м щекІуэкІа «Адыгэ махуэм» уэзрыгъэблагъэбари уаззрыхэтари зэхэтхащ. Дауэ екІуэкІа зэІущІэр?

- Европарламентым щекІу экІа «Адыгэ махуэм» дэтхэнэ зы адыгэм дежкІи мыхьэнэхуэ иІэщ. Брюссель щыІэзэхуэсащ адыгэщІэзезыхьэу,а лъэпкъым зэрыщыщыр быдэу зыхэзыщІэ Іэщіагъэлікэр, тхакІуэхэр, еджагъэшхуэхэр. Ахэр Европэм, Тыркум, КъуэкІыпІэ Гъунэгъум щопсэу. Мыбы и кьыззгъэпэщыныр зи кьару дэкІар Европэм ис адыгэхэращ. ИкІуэкІэ си гуапэу щытхъу псалъэ хужьзоІэ Германием щыщ, Европарламентым и депутат Джем (УнащІэ) Оздемир.

- Уэри уи псалъэ Европарламентым и утыку кьызэрыщипІъхьар дощІэ. Сыт ар нэхъыбэу зытебухуар?

- «Уи псалъэ зэхэтхыну ди гуапэщ» кьызэгъэпэщакІуэхэм щыкІэм, ар пщІэшхуэу кьэсльытащ. Дауи, сэри си гупсысэ гуэркэр яхэслъхьащ. Ар псори мыбдеж щыжьісІэфынкъым, ауэ нэхъыщхьэу кьэсльытэхэм я гугъу сщІынщ. Псом япэ кьыхэгъащыпхьэщ мы зэхьхэр щэнхабзэм зэрепхар, абы кьыхуэри политикэ Іуэху зэрыззэримыхуар. Адыгэхэр дунейм текІухьауэ зэрыщытыр псоми ящІэ, щэрджэсхэр зыхэс лъэпкъхэм хозагъэ, шыІэныгъэшхуэрэ гулыитэрэ яхэлъщ. Дэ зыми и зэран зетхуэрэкъым, ди щхьэ зэрытхъумэжьыным щыпылъщ. Абы кьоІ *адыгэ хабзэр, адыгэлъэр, адыгэбзэр, адыгэ литературэр, адыгэ тхыдэр* хьума зэрыхъуным псори дыззэрегупсысыр, псалъэмакъ куэд абы и хъуреягъкІэ кьызэрекІуэкІыр. Дэри аращ зи Іуэху зетхуар. Псом хуэмыдэу дегъэгу-мэщІ бзэр зэрытІэщІэкІым. Кьызэгъэщащ иджыпсту щыІэ алыфбейр зрагъэщІэну хэхэс адыгэхэр зэрыпэмыльэщыр. Абы кьикІыркъым хьэрфхэр зэтхъуэкІыну гупсысэ кьыхэтІъхьэ у, зи Іуэху зетхуэр нэхъ тыншу ар кьызэращтэн Іэмалхэр, кьэтІыхьуэу егъэфІэкІуэнырщ. Дуней псом щикъухьа адыгэхэм кьэхэкІащ кьызэнымк и щІэр фІыкІэ зыгъэІуа тхакІуэ щІэрыІуэ куэд. Ауэ ахэр хэт тыркубзэкІэ, хэт зыгъэпыбзэкІэ, хэт нэмыцэбзэкІэ, хэт инджылызыбзэкІэ матхэ. Уеблэмэ зым и Іэдакъэщ Іэкіым адрейр кьыщемыджэфыр нэхъыбэщ. Араш апхуэдэ Іуэхур кьехьэжьэным щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэ хуэхъуари. Нэрыльагъущ гува-щІэхами абы хэкІыпІэ гуэр кьыхуэгъуэтын зэрыхуейр.

Щэнхабзэр хьумэным ехьэлІа Іуэхуэхэр проект зыбжанэу эхэхэгъэувэу иджы зэхэтыну Европарламентым и зэхуэсым я пащхьэ ислъхьэну кьызэлъэІуащ Европэм щылажьэ Адыгэ Федерацэр. А Іуэхум иужь сихьэн ипэ захуэзгъэзэну си мурадщ бзэмкІэ щІэныгъэлІэхэр Къумахуэ Мухьэдин (Москва), Хьюитт Джордж (Лондон), Смитс Рикс (Голландие) сымэ, Налшык, Мейкъуапэ, Черкесск щыпсэу еджагъэшхуэхэм. Мыр икъукІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ проект, абы кьыхэкІыуи куэдым я чэнджэщ дыхуэныкъуэщ.

- Европарламентым и депутатхэм щыщу хэт сымэ хэта «Адыгэ махуэм»?

- Щыхъу щІэрыІуэ куэд кьорихьэлІэу а махуэм екІуэкІа зэхьихьэм. Ауэ кьыхэзгъэщыну сыхуейт ди Іуэхуэхэр дэкІынымкІэ сэбэп нэхъ кьытхуэхъуну сэ кьысщыхьуа Европарламентым и вице-спикер Моргантини Луиэз. Абы кьыгурыІуащ ди льэпкъым гъуэгуанэ кІыхь кьызэрызэпичар, сыт и льэныкьуэ-кІи адрейхэм кьахэщ щэнхабзэ кьулей иІэу кьызэрыгъэуурыкІуар. А щыхъбзым дыкьинтгъэгубащ Европэ щэнхабзэм хэмыкІуэдэу ди адыгэ щэнхабзэр зетхъэжьнымкІэ, ар едгъэфІэкІуэнымкІэ дэІэпыкъэгъу кьытхуэхьуну. ЗэІущІэм кьыщытІэта Іуэху псори Моргантини кьыщидиІыгъащ, Тыркум кьинІа адыгэ кьэфакІуэхэм я зыкъэгъэльэгъуэкІэми дихьэхауэ еплъащ. Европарламентым щекІуэкІа «Адыгэ махуэм» кьытхуихьа фыгъуэхэм я нэхъыщхьэу кьызольытэ ди льэпкъым Моргантини Луиэз хуэдэ бзылъхугъэ Іущ ныбжьэгъу льапІэу зэрригъуэтар, сэ


Адыгэ ныпыр Европарламентым и вице-спикер Моргантини Луиэз иратащ. Абы кьыбгъэдэтщ Къандур Мухьэдин.

Адыгэхэм теухуа мы тхылъхэр иджы Европарламентым и библиотекэм щІэльщ.

Европарламентым и щыхьэпІэм деж.

УФ-м щыхь зиІ, КъБР-м, КъШР-м, АР-м я щыхьэ артист, КъБР-м щэнхабзэмрэ хьарегъащІэ Іэнатіэхэмкі и министр Тут Заур и сольнэ концертКІэ зэхуащІыжащ Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс, Адыгэ республикэхэр Урысейм зэрыгухьэрэ ильэс 450-рэ зэрырикъум и щІыхькІэ Льэпщкъ щэнхабзэм и махуэхэр Москва зэрыщагъэльапІэ Іуэхутхъухэр, Ар щекІуэкІащ МузыкэмкІэ дунейпсо унэм.

КІЫЩОКЪУЭ Алим и уэсатырхэмкІэ кьызэІуаха гуфІэгъуэ пшыхьым и пэублэм щыжаІащ Тут Заур и творчествэм Кавказэр Урысейри зэрыригушхэр, нэгъуэщІ щІыналъэ куэдым фІыуэ кьызэрыщалъагъур.

- Ильэс 30-м щигъуэу Тут Заур ящыщу ди льэхьэнэгъу вокалист нэхъ льэщ дыдэхэм, - жиІащ езыгъэкІуэкІым. - Диапазон бгъуфІэ кьызэщІэзмыбыдэ макъ дахэ, уэрэд гъэзэщІэкІэ льагэ зэриІэм Тутым Іэмал кърет европей классикэри урыс уэрэд лЭужьыгъуэхэри кьызэрымыкІуэу гъуэзджэу жиІэну. Пахмутовэ Александрэ, Лядовэ Людмилэ, Морозов Александр, Тумманов Давид сымэ, нэгъуэщІ урысей композитор цІэрыІуэхэми я Іэдакъэ кьыщІэкІа уэрэдхэр Тут Заур игъэзащІэм нэхъ кьыщІащтэри щхьэусыгъуэншэхэм. Ауэ езыр зыщыщ льэпкъым кьиІэщІа пасэрей адыгэ уэрэдыкъэр гъэзэщІэнымкІэ Заур хуэдэ гъуэтыгъуейщ.

Пшыхьыр кьызэІуихащ СССР-м и щІыхубэ артист, Кьэрал саугъэтым и лауреат, профессор Некрасов Николай зи художественнэ унафэщІ икІи режиссер нэхъыщхьэ, Осипов Н. и щІэр зэзыхьэ Урыс макъамэ ІэмэпсымэхэмкІэ академическэ оркестрым игъэзащІэ фантазиемкІэ.

Абы нужькІэ Іэгуауэшхэ-кІэ утыкум кьрашащ Тут Заур. Концертым и яп Іыхьэм абы игъэзэщІащ «Вдоль по улице мерещится метет», «Коробейники», «Вечерний звон» урыс щІыхубэ уэрэдхэр. «Бадынокъуэ и пшыналъэ» пасэрей нарт уэрэдыжьыр щыжиІэм, абы кьыдежьыауащ Рыбин Виктор зи унафэщІ камерэ щІыхуэху хорыр. Гум зыкьыдигъаэт, ар игъэзащІэнтіэт неаполитан композиторхэру Денцо («Хъыринэм»), Биксио («Мамм»), Куртис («Умыгъ»), Фальво («Пщащэм жефІэ»), Каньо («Сэлэт льагъуныгъ»») сымэ я Іэдакъэщ Іэкі Іэрыгуэхэр Тут Заур щигъэзащІэм.

Концертыр дакъикъэ зыбжанэкІэ зэщагъэурэ, утыкум кьрагъэблагъэащ «Мир» телеканалым и унафэщІм и кьуэдз **Двуреченский Игорь**.

- Сэ сызэреплъмкІэ, Тут Заур хуэгъэзауэ нобэ яІэт Іэгуауэшхуэр, кьыхуащІ щІэр абы хуэфащэщ, и гуащІэдэкІымрэ и творческэ зэфІэкІымкІэ кьилэжьащ, - жиІащ Двуреченскэм. - Си гугъэмкІэ фэ фщыщ куэдыр щыгъуазэщ Москва «Меценаты столетия» жиІэу дунейпсо псапащІэ фонд зэрыщыІэм. Ар ящыщщ меценат, псапащІэ Іуэхуэхэм Урысейм и ныбжьыкъуэу, нэгъуэщІ щІыналъэхэми зыщегъэужьыным елэжь зэгуэхэныгъэ нэхъ лъэщхэм. А фондым и дамыгъэ нэхъ лъапІэ дыдэу «ЩІэнхабзэм хуищІа хэлъхьэныгъэм папщІэ» орденыр Тут Заур етыныр сэ пщэрылъ кьыщащІащи, си гуапэу ар согъэзащІэ.

КьыхуащІа гулытэм папщІэ Тутым фІыщІэ ин яхуищІащ щэнхабзэ лэжьакІуэхэм дэІэныкъу псапащІэ фондым и унафэщІхэм, абы кьыдэкІуэуи кьыхигъэщащ «Мир» телеканалым и лэжьыгъэр игу зэрырихыьр, сыт щыгъуи хьыбарыфІкІэ щІыхуэхэм зэрыдэгуашэр, а каналым и корпункт Налшык зэрыщылажьэр.

Антрактым кьызнта Іэмалыр къзэгъэсэбэпри, концертыр кьаэрыщыхъуамкІэ щІыхуэхэм захуэзгъэзати, зэгурыІуами ярейуэ, псоми зыт жаІэр: «Тут Заур куэд щІауэ тщІыху, фІыуэ тлъагъуэрэджьыкІуэщ! Абы и талантым гъунэ иІэкъым! Москва щит концертхэм щыщ зэрыбдэдмыгъэкІыным дыхущІокъу! И екъулІэныгъэщІэхэм дыпоплъэ! КьызэрытлъытэмкІэ, абы куэд щІауэ хуэфащэщ «УФ-м и щІыхубэ артист» щІэ лъапІэр, нобэ хуэдэ зы махуэт апхуэдэ щащІэр! Абы и концертхэр сыт щыгъуи щІэщыгъэщ, зэхуэдэу абыхэм хэльыр, псом щыгъуэми, уэрэд жьІэнэр фІы дыдэу, щыуагъэнщэу кьызэрехъулІэрщ! Нобэ уэрэдыщІэкІэ дигъэгуфІащ: неаполитан композитор Биксио и «Мамма» уэрэдыр хуабжьу дигу ирихьащ».

- Тут Заур Кавказым щыщ Павароттищ! - жиІащ концертым епльа КІыщ Мухьэдин. - Концерт гъэльэгъуапІэ пэшыр зи инагъым щІыхуэ къэкІуэлІар хуэтэджу, Іэгуауэшхуэ хуаІэту зэрыгтІагъэм дэ, Заур и льэпкъэгъуэр, хуабжьу дегъэгушхуэ икІи дропагэ «дыщэ макъ» зыІурылъ ди уэрэджьІакІуэм.

- Ди республикищым я щэнхабзэ махуэхэр Москва щефІэкІуэкІыныкмкІэ дэжьыгъэшхуэ зэфІэзыхахэм ящыщщ Тут Заур, - жаІащ КъШР-м, АР-м щэнхабзэмкІэ я министрэу **Бэрокъуэ Рэмэзанрэ Льэщэ Іэдэмрэ** - Ауэ и гуащІэ дэкІа щсом я щхьэжьт ныщхьэбэрей концертыр. БкІуэкІа Іуэхугъэхэр ныкъуэ хуауэ кьытщыхьунут мы пшыхьыр хэмытыжамэ. ЖытІэну дыхуейщ, Кавказым щыпсэу щІыхуэхэр зыхуэдэр, щэнхабзэ льагэм хэльхъэныгъэшхуэ хуэзыщІыфын абы кьызэрыжьІыр ди къэралми игъэущІ щІыІэхэми я фІэщ зыщІыфхэм Тут Заур зэращыщыр. Дыщогугъ екъулІэныгъэ нэхьыбжькІэ дяпэкІи дигъэгуфІэну.

Концертым и етІуанэ Іыхьэр кьызэІуахащ Мэшбатэ Исхьэкъ и псалъэхэр зыщІэлъ «Адыгэхэр» уэрэдымрэ балетмейстер **Батыр Мирзаиб** и къэзэнхэу «Адыгэхэр» пшыбжьыщІэ къэфакІуэ гуным (художественнэ унафэщІыр **Къэбэрдей Эммэщ**) ягъэзащІэ къафэмкІэ. Псалъэм кьыдэкІуэу кьыхэгъэщыпхьэщ, ансамблыр кьызэгъэпэщыныр Тут Заур и ящыщ. Ар ящыщ щІэрыІуэ, ящэ лъэхъэнэхэм уэрэдыжьІакІуэ щІэрыІуэм и иэІэ щІэту кьызэрекІуэкІар.

ЕтІуанэ Іыхьэм щыІуа уэрэдхэм оркестыр игъэсэжакъым, Тутым адэкІэ игъэзэщІэну и мурад уэрэдхэм я аккомпаненттым ар зэрыхуэмыхьэзырым кьыхэкІкІэ. Ауэ «дыщэ макъым» и зэфІэкІыр абы фагъэ щІэхъуакІакъым икІи Іэгуауэшхуэхэр хуаІэтащ «Къэбэрдей» (ХьэІуІуп Дж., Бештокъуэ Хь.), «Музыка» (Кулиев Кь., Мажуков А.), «Ладонь для птиц» (КІыщокъуэ А., Жырыкъ З.), «Береза на Кавказе» (ЩоджэщІыкІу І., Жырыкъ З.), «Нэхущ удж» (ДыщэкІ З.), «Над Москвой-рекой» (Фатьянов А., Демьянов А.), «Яп льагъуныгъэм и уэрэд» (Бабаев А., Турсунзаде М.), «Дедайла» (Дагуров В., Рид Д.), «Подмосковные вечера» (Соловьев-Седой В.), «Я люблю тебя, жизнь» (Колмановский, Ванщенкин) уэрэдхэр Тут Заур щыжиІэм.

«Мэздэгу адыгэхэм я кьафэ», «Уэрэкъ кьафэ», «ЛъапэрыщІ» зыгъэзэщІа «Адыгэхэрэ кьэфакІуэ ансамблым хэт ныбжьыщІэхэм пшыхьыр ягъэдхащ икІи кьызэхуэсахэм я «нэфІ» кьалэжьащ.

Концертыр иуха иужь, утыкум кьихьащ КъБР-м и щІыхубэ сурэтыщІ КІыщ Мухьэдин икІи пшыхьым кьрихьэлІахэми абыхэм пщІэ зыхуащІа ди льэпкъэгъу уэрэджьІакІуэ щэджащэми фІыщІэ ин яхуищІащ.

НЫБЭЖЬ Таисэ.
Налшык-Москва.

Пшыхьхэр

Сурэтыр **НЫБЭЖЬ Таисэ** *трихащ.*

Тут Заур Дунейпсо унэр егъэбжьыфІэ

Заур хуэгъэзауэ нобэ яІэт Іэгуауэшхуэр, кьыхуащІ щІэр абы хуэфащэщ, и гуащІэдэкІымрэ и творческэ зэфІэкІымкІэ кьилэжьащ, - жиІащ Двуреченскэм. - Си гугъэмкІэ фэ фщыщ куэдыр щыгъуазэщ Москва «Меценаты столетия» жиІэу дунейпсо псапащІэ фонд зэрыщыІэм. Ар ящыщщ меценат, псапащІэ Іуэхуэхэм Урысейм и ныбжьыкъуэу, нэгъуэщІ щІыналъэхэми зыщегъэужьыным елэжь зэгуэхэныгъэ нэхъ лъэщхэм. А фондым и дамыгъэ нэхъ лъапІэ дыдэу «ЩІэнхабзэм хуищІа хэлъхьэныгъэм папщІэ» орденыр Тут Заур етыныр сэ пщэрылъ кьыщащІащи, си гуапэу ар согъэзащІэ.

КьыхуащІа гулытэм папщІэ Тутым фІыщІэ ин яхуищІащ щэнхабзэ лэжьакІуэхэм дэІэныкъу псапащІэ фондым и унафэщІхэм, абы кьыдэкІуэуи кьыхигъэщащ «Мир» телеканалым и лэжьыгъэр игу зэрырихыьр, сыт щыгъуи хьыбарыфІкІэ щІыхуэхэм зэрыдэгуашэр, а каналым и корпункт Налшык зэрыщылажьэр.

Антрактым кьызнта Іэмалыр къзэгъэсэбэпри, концертыр кьаэрыщыхъуамкІэ щІыхуэхэм захуэзгъэзати, зэгурыІуами ярейуэ, псоми зыт жаІэр: «Тут Заур куэд щІауэ тщІыху, фІыуэ тлъагъуэрэджьІакІуэщ! Абы и талантым гъунэ иІэкъым! Москва щит концертхэм щыщ зэрыбдэдмыгъэкІыным дыхущІокъу! И екъулІэныгъэщІэхэм дыпоплъэ! КьызэрытлъытэмкІэ, абы куэд щІауэ хуэфащэщ «УФ-м и щІыхубэ артист» щІэ лъапІэр, нобэ хуэдэ зы махуэт апхуэдэ щащІэр! Абы и концертхэр сыт щыгъуи щІэщыгъэщ, зэхуэдэу абыхэм хэльыр, псом щыгъуэми, уэрэд жьІэнэр фІы дыдэу, щыуагъэнщэу кьызэрехъулІэрщ! Нобэ уэрэдыщІэкІэ дигъэгуфІащ: неаполитан композитор Биксио и «Мамма» уэрэдыр хуабжьу дигу ирихьащ».

- Тут Заур Кавказым щыщ Павароттищ! - жиІащ концертым епльа КІыщ Мухьэдин. - Концерт гъэльэгъуапІэ пэшыр зи инагъым щІыхуэ къэкІуэлІар хуэтэджу, Іэгуауэшхуэ хуаІэту зэрыгтІагъэм дэ, Заур и льэпкъэгъуэр, хуабжьу дегъэгушхуэ икІи дропагэ «дыщэ макъ» зыІурылъ ди уэрэджьІакІуэм.

- Ди республикищым я щэнхабзэ махуэхэр Москва щефІэкІуэкІыныкмкІэ дэжьыгъэшхуэ зэфІэзыхахэм ящыщщ Тут Заур, - жаІащ КъШР-м, АР-м щэнхабзэмкІэ я министрэу **Бэрокъуэ Рэмэзанрэ Льэщэ Іэдэмрэ** - Ауэ и гуащІэ дэкІа щсом я щхьэжьт ныщхьэбэрей концертыр. БкІуэкІа Іуэхугъэхэр ныкъуэ хуауэ кьытщыхьунут мы пшыхьыр хэмытыжамэ. ЖытІэну дыхуейщ, Кавказым щыпсэу щІыхуэхэр зыхуэдэр, щэнхабзэ льагэм хэльхъэныгъэшхуэ хуэзыщІыфын абы кьызэрыжьІыр ди къэралми игъэущІ щІыІэхэми я фІэщ зыщІыфхэм Тут Заур зэращыщыр. Дыщогугъ екъулІэныгъэ нэхьыбжькІэ дяпэкІи дигъэгуфІэну.

Концертым и етІуанэ Іыхьэр кьызэІуахащ Мэшбатэ Исхьэкъ и псалъэхэр зыщІэлъ «Адыгэхэр» уэрэдымрэ балетмейстер **Батыр Мирзаиб** и къэзэнхэу «Адыгэхэр» пшыбжьыщІэ къэфакІуэ гуным (художественнэ унафэщІыр **Къэбэрдей Эммэщ**) ягъэзащІэ къафэмкІэ. Псалъэм кьыдэкІуэу кьыхэгъэщыпхьэщ, ансамблыр кьызэгъэпэщыныр Тут Заур и ящыщ. Ар ящыщ щІэрыІуэ, ящэ лъэхъэнэхэм уэрэдыжьІакІуэ щІэрыІуэм и иэІэ щІэту кьызэрекІуэкІар.

ЕтІуанэ Іыхьэм щыІуа уэрэдхэм оркестыр игъэсэжакъым, Тутым адэкІэ игъэзэщІэну и мурад уэрэдхэм я аккомпаненттым ар зэрыхуэмыхьэзырым кьыхэкІкІэ. Ауэ «дыщэ макъым» и зэфІэкІыр абы фагъэ щІэхъуакІакъым икІи Іэгуауэшхуэхэр хуаІэтащ «Къэбэрдей» (ХьэІуІуп Дж., Бештокъуэ Хь.), «Музыка» (Кулиев Кь., Мажуков А.), «Ладонь для птиц» (КІыщокъуэ А., Жырыкъ З.), «Береза на Кавказе» (ЩоджэщІыкІу І., Жырыкъ З.), «Нэхущ удж» (ДыщэкІ З.), «Над Москвой-рекой» (Фатьянов А., Демьянов А.), «Яп льагъуныгъэм и уэрэд» (Бабаев А., Турсунзаде М.), «Дедайла» (Дагуров В., Рид Д.), «Подмосковные вечера» (Соловьев-Седой В.), «Я люблю тебя, жизнь» (Колмановский, Ванщенкин) уэрэдхэр Тут Заур щыжиІэм.

«Мэздэгу адыгэхэм я кьафэ», «Уэрэкъ кьафэ», «ЛъапэрыщІ» зыгъэзэщІа «Адыгэхэрэ кьэфакІуэ ансамблым хэт ныбжьыщІэхэм пшыхьыр ягъэдхащ икІи кьызэхуэсахэм я «нэфІ» кьалэжьащ.

Концертыр иуха иужь, утыкум кьихьащ КъБР-м и щІыхубэ сурэтыщІ КІыщ Мухьэдин икІи пшыхьым кьрихьэлІахэми абыхэм пщІэ зыхуащІа ди льэпкъэгъу уэрэджьІакІуэ щэджащэми фІыщІэ ин яхуищІащ.

НЫБЭЖЬ Таисэ.
Налшык-Москва.

Дзюдо

Европэм зыхуагъэхьэзыр

Иджыблагъэ Грозныр къалэм щекІуэкІащ Щэщэн Республикэм и Къэрал Советым и тхьэмадэу щыта Исаев Хьусейн и фэеплъ зэхьэзэхуэ. Абы хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и дзюдоистхэри.

УРЫСЕЙ Федерацэм щІыхь зиІэ и тренер Емкъуж Мухьэмэд кьызэрыджиІамкІэ, ди республикэм щыщу зэхьэзэхуэм щІыхибл хэтащ. Нэхъыбэ щІэмыкІащ и щхьэусыгъуэр адрей ди бэнакІуэхэм Урысей Федерацэм и чемпионатым зэрызыхуагъэхьэзырырщ. Ар щэкІуэгъуэм икужм Санкт-Петербург щекІуэкІынущ.

Ди щІалэхэм ящыщу Щад Мурат зэпеуэм етІуанэ увыпІэ кьыщихьащ. Ар щыбанэр килограмм 81-рэ зи хьэльагъэм я деж. Килограмм 100 зи хьэльагъэм я деж ещанэ щыхъуащ Хьурсин Артур. Дзюдоистхэм я тренерыр Емкъуж Мухьэмэдщ.

Зэхьэзэхуэм япэ увыпІэ кьыщыщыхьахэм доллар мин 15, етІуанэхэм доллар мини 10, ещанэхэм - доллар мини 5 иратащ.

Апхуэдэу, хьыбар кьызэрыгІэрыхьамкІэ, дызыхуэкІуэ щэбэтым Минск щызэхэтынущ Европэм и чемпионат. Урысей Федерацэм и щІыхьыр яхьумэну абы ирагъэблагъащ Джэданэ Алим (кг 66-рэ, тренерыр Сэралэн Олег), Уншауэгі Аслъэн (кг 100, Емкъуж Мухьэмэд) Къамбий Аслъэн (кг 100 щхьэдэхэм, Емкъуж Мухьэмэд) сымэ.

ХЬЭЩЫКЪУЭЙ Олег.

Фэеплъ

Рустам.

Аслъэн.

Трамэ зэшитІыр

«Адыгэ псалъэр» зи Іэпэгъуу зи гъащІэр зыхь куэд яхэщІ ди льэпкъэгъуэхэм. Абыхэм адыгэ газетыр ныбжьэгъу пэ ящ, тегъэщІапІэ у, чэнджэщэгъу яІэщ, я гуфІэгъуэмкІи гуаузмкІи абы дэгущыу.

ИДЖЫБЛАГЪЭ ди редакцэм кьыІэрыхьащ гуауэшхуэ зэпыт тхыгъэ кІэщ. Ди газетым и щІэджьыкІакІуэ пэж Жэмбей Ленэ иуса гьыбзэм кьыщытхуеІуэтэ Ставрополь крайм хьихьэ Прогресс адыгэ жьлэ щьыкІум дэсхэр зыгъэдзыха Іуэхугъуэ: я кьуажьэм щыпсэ у зэщхьэгъусэхэу Трамэхэ Іэуесрэ Ритэрэ я щІалитІыр - Рустамрэ Аслъэнрэ - гуузу дунейм ехьжащ. ЩІэныгъэ нэхъыщхьэ щызэрагъуэт еджапІэу Псыхуабэ дэтым кІуажу гьуэгу ІетУ, ахэр машинэ зэжьэхэуэм хэхуащ икІи ягъуэта фэбжьхэм кьелакъым.

Зэшхэм я анэ шыпхьу Ленэ яку оуІэ Трамэхэ Іуесрэ Ритэрэ. Абы и фІэщ мэхъу Рустамрэ Аслъэнрэ абыхэм я адэ-анэм, Іыхьлыхэм, благъэхэм я гум зэи зэримыхунур. Апхуэдэу щІалэхэм я вагъуэр щыблэнущ Рустам мыгъуэм и щхьэгъусэ Каринэрэ и хьыджкбэ цыкІу закъуэ Агнессэрэ я гум, Аслъэн мыгъуэм и къошэ даехэу пІалъэ зритауэ кьэна пщащэм и псэм. А псори Ленэ щыжиІэ гьыбзэр, нэпсрэ гуІэкІэ гъэнщІар, фи пащхьэ идолхьэ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

ГуІэ нэпсхэр

Мурад дахэ гъащІэм хуаІэу,
Зэкъ уэшитІыр гъуэгу техьат.
Я гъуэгуанэм здытетым
Удын хьэлъэ кьатехуат.
Я псэр пыту сымаджэщым
ПсынщІэу аехр нагъэсат.
ТІуми фІыкІэ яцыгугъыу
Іыхьлы-благъэр зэхуэсат.
Ауэ хъуакъым...
Ажал бзаджэм
ГущІэгъунщэу ехь Аслъэн.
Бын нэхъыщІэр щаІэщІэкІым
Гуауэр мэхъу пх уэмыІуэ этн.
«Ди Аслъэныр, Алыхьышхэу,
Жэнэт бзууэ яэльэтхэ.
Кьытхуэхьумэ бын
нэхъыжьыр -
ЛьэкІ Трамэ тхуэгъувыж», -
ЖаІэу мабжэ адэ-анэр,
Аслъэн щІалэр ягьеижь.

Льэпкьи хами кьадзгуІэу,
Мис щопэкІур ахэм дехж.
Къуэ нэхъыжьу Рустам
мыгъуи
Фэбжь хьэлъэшхуэм
къемыла...
Трамэ льэпкъыр яэгуІэжьр:
Зэшхэр зэкъэльыкІуэжащ.
Адэ-ани нысэ щыкІуи
ГуІэ нэпсыр ныщІагъэкІ.
Мазэ бжьыбэ хъуа Агнесси
Адэ жьаУэм нобэ щІокІ.
ЩІалэ екІуэху Трамэ зэшхэм
Фи дунейр фхъуэжьын хуей
хъуащ.
Фэеплъ нэхъу кьзвгъэнахэр
ЩІыльэм тетхэм
фхуэтхъуэмэщ.

ЖЭМБЕЙ Ленэ.

Щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ

Григорович и лэжьыгъэщІэ

Станиславскэмрэ Немировичь-Данченкэрэ я щІэр зезыхьэ Музыкэ театрым Григорович Юрий и Іэдакъэщ Іэкі нэхъ щІэрыІуэ дыдэр, Прокофьев Сергей и макъамэр зыщІэлъ «Иван Грозный» спектаклыр, щагъэлъагъуащ. Ар зыгъэувар Григорович и унафэм щІэт Краснодар балет театрыщ.

МЫ ЛЭ ЖЬЫГЪЭР Урысейм и щІыналъэ зэхуэмыдэхэм щагъэлъагъэнущ. Театрым и зэхэзекІуэр зыхуэгъэпсар Краснодар куейр мы гъэм ильэс 70 зэрыркъуащ.

Григорович Юрий игъэувауэ «Иван Грозный» спектаклыр Театр Иным япэу щагъэлъэгъауэ щытащ 1975 гъэм. Нужьку а лэжьыгъэр Париж ишат режиссер щэрыІуэм.

ИЩЭНУ утыку кьрихьа лэжьыгъэхэм я уасэр ерэ мелуани 4,6-м кьыщыщІэдзауэ мелуани 6,2-м нэсу кьэпщытакІуэхэм кьызэрапытам кьеГъэльагъуэ сурэтхэм я уасэ зэрыхуэзар. Апхуэдэущ Іуэхум зэрепльэр сурэт щІэрыІуэхэр зыща Корнет де Сен-Сир аукцион унэри.

Яща лэжьыгъэхэм я бкыгъэр 40-м ноблагъэ. Актерым зэрыжьІэмкІэ, ахэр ищІну мурад щІищІар и бынхэр щІэнным щхьэкІэ зримыгъэдэуэну араш.

- ДЭ ГУПЫТЭШХУЭ худощІ щэнхабзэр ди щІыналъэм кьыщыІэтыным. Щэнхабзэращ кьэкІуэнур кьанэ щымыІэу зэтьльтар, - жиІащ Челябинск областым и Хабзэгъэуэ Зэхуэсым и унафэщІ Мякуш Владимир Творческэ союзхэм я унафэщІхэм щахуэзам.

Къэбгъэльагъуэмэ, 2008 гъэм гъатхэпэм и 25-м кьыщыщІэдзауэ щэнхабзэм и лэжьакІуэхэм я профессиональнэ махуэр ягъэлъэІэнущ. Мякуш Владимир кьыхилъхьа а Іуэхур депутатхэми даІыгъащ, абы екъэлІа унафэми УФ-м и Президент Путин Владимир Іэ щІидзакІэщ.

Гулъытэ хэхам щІагъэувэж

Мы гъэм и кІуэх хъухукІэ Челябинск областым щекІуэкІыжьынущ сурэтыщІэхэм, композиторхэм, театр лэжьакІуэхэм кьызэрагъэпэща зэІущІэ гъэщІэгъуэнхэр.

ЕтІуанэ зэІущІэ

Иджыблагъэ Рим кьыщызэІуахащ 2-нэ Дунейпсо кинофестивалыр, «РомФильмФест» зыфІаща зэІущІэр. Ар кьызэрагъэпэщащ Рим кинофондым и унафэщІ Беттини Гоффредэрэ Рим къалэм и Іэтащхьэ Вельтрони Вальтеррэ.

КЪЭРАЛ 40-м утыку кьрахьэ фильмхэр, зэхьэзэкъуэм кьызэрыгъэувмкІэ, зыщІыпІи щамыгъэлъагъуэу щытын хуейщ. Абыхэм щыщу зэпеуэм и кІэм нэсынур лэжьыгъэ 14-щ. Псалъэм папщІэ, яГъэльэгъуэнущ режиссерхэу Капур Шехер, Люмет Сидни, Пенн Шон, Бин Генри, Медем Хулио сымэ, нэгъуэщІхэми яГъуэва фильмхэр.

Кино гъуазджэм хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуищІам папщІэ саугъэтыр текІуам иритынущ Лорен Софи.

Достоевскэм къегъэзэж

Куэд мыщІэу телевиденэм и яІэ каналым кьыгъэтхъэгъуэм щІидзэнущ серие куэд хьу, Достоевский Фёдор и «Преступление и наказание» романым къытращІыкІа художественнэ фильмыр.

ЛЫХЪ ЖЬІ нэхъыщхьэм и анэу, Раскольниковэ Пульхерие и ролыр игъэзащІэу фильмым щыджэгу УФ-м и щІыхубэ артисткэ Яковлевэ Еленэщ.

Зыхуэзыхьэсар
ИСТЕПАН Залинэщ.

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

● Шхыныгъуэхэр

Былымылрэ хадэхэкIэмрэ

Шхыныгъуэм халъхьэхэр: дыпшIэ грамм 250-рэ, шыбжий Iэфlу тIу, зы бжьыныщхьэ, бэдрэжанитI, пхьитI, сэхуран дагъэ грамм 50, шыбжий фIыцIэ хьэжа, шыгъу, кьуэн, кьуэнтхъурей, бжьын цIынэ.

1. Лы упщIэтар япэ щIыкIэ богъажъэ.
2. Пхъы бгъэкъэбзар эпэплIимэу боупщIатэ.
3. Шыбжийм и кур кьыбогъэжри, мыцIыкIу дыдэу, эпыбогъэжь. Зы бэдрэжаныр бзыгъэу (ирибгъэщIэрэщIэн щхьэкIэ), анарэр эпэплIимэу боупщIатэ. Бжьын цIынэмрэ кьуэнымри богъэхьэзыр.
4. Лымрэ хадэхэкI упщIэтахэмрэ (бэдрэжаныр хэмыту) зэхыболъхьэри, дакьикъ 15 хуэдизкIэ богъажъэ, тIэу фIэкIа зэIыумыщIэу. ИужькIэ бэдрэжаныр хыболъхьэжри, аргуэру дакьикитху хуэдизкIэ тыбогъэт. Хьэзыр хьуа шхыныгъуэр тепщэчым иплъхьа ныжь, бжьын цIынэр тыбогъэщащэри, бэдрэжан бзыгъэхэмрэ кьуэн, кьуэнтхъурей тхьэмпэхэмкIэ богъэщIэрэщIэж.

Бгъэлыгубэрэ шыбжийрэ зэгъуэсу

Шхыныгъуэм халъхьэхэр: джэдым и бгъэлыгубэгъ грамм 300, зы бжьын, шыбжийитI (зыр плъыжьу, адрейр удыфрэу), шатэпс стэкан ныкъуэ, сэхуран дагъэ бжэмышхи 3, шыгъу, шыбжий фIыцIэ хьэжа, салат тхьэмпэ, кьэнтхъурей.

1. Джэд бгъэлыгубэкэр бгъуэзу боупщIатэри, шыгъу, шыбжий щыхуаэу дакьикъи 10 хуэдизкIэ богъажъэ.
2. Шыбжий упщIэтар абы хыболъхьэ, шатэпсыр щыбокIэжри, зэхыбогъажъэ. Салатым и тхьэмпэхэр зэрыгъэ тепщэчым хьэзыр хьуа шхыныгъуэр иболъхьэри, кьуэнтхъурей упщIэтамкIэ богъэщIэрэщIэж.

● Чэнджэщхэр

Хьэкъуущыкъум зэрыкIэлъыплъыр

КIэСТРУЛIУ шейнычыр зыкъомрэ кьэбгъэсэбэпа нэужь, абыхэм я кIуэцIым фIеифэ, фIыцIафэ кьыщащтэ щыIэщ. Абыхэм япэ яIа тепльэр кьащтэж, мыIэрысафэ, кхъужьыфэ куэду зыхэпь псы кьрибгъэкъуатьэмэ.

* * *

ТЕБЭЩIЭ къэфщэхуамэ, кьэзгъэсэбэпын ипэ, тебащхьэр темыпIауэ шэ кьэзгъэкъуатьэ - тебэр кьэзыхъащIыкIа гъущIым и фэр имыхьэжу куэдрэ зекIуэнущ.

* * *

ПСЫ КУЭДРЭ кьыззэрыбгъэкъуатьэ шейнычым и кIуэщIым кIэрищIэр кIэрыкIыжынущ, псы литрым серчэ бжэмышихтху хэпкIэрэ сыхьэтитIкIэ къэбгъэкъуатьэмэ.

* * *

АЛЮМИНЫМ къыхэщIыкIа кIэструлыр цIуунущ, абыкIэ серчэ зыхэт псым кIэртIофыфэ, мыIэрысафэ хэпту кьэбгъэкъуатьэмэ.

* * *

НИКЕЛЫМ къыхэщIыкIа хьэкъущыкъухэм гъэкъэбзэжыгъуей бжьыгъэ фIыцIафэхэр кьыщащтэ щыIэщ. Ар кIэригъэкIыжынущ хьэкъущыкъум щ цIыхуэу махуэ зыбжанэкIэ щыбгъэтрэ нашатыр спирт зыщIэзэыфа хьыдан кIапэкIэ утелъэщIыхьыжмэ.

● Цыкуэхэм факъыхуедж э

ШкIэ къуэлэн цIыкIум и таурыхъ

Китай псысэ

ЗЭМАН IЭДЖЭ япэкIэ кьуажэ гуэрым зы фызыжь дэсащ, жи. ИзакъуэцIийт абы, мы дунеишхуэм зыри щимыIэу - кьуэн пхъуи. Зы шкIэ кьуэлэн цIыкIу иIэу арати, и кьуэрылъху нэхьей, кIэлъыплъырт.

Пщэдджьыкъым къэтэджынти, лэкъум хьурей игъэжьэт. Лэкъумэ эр шкIэ бкьакъуэм фIищIэнт, и щIыбымкIэ торбэ кIэрищIэжынти, кьурщым ириутIыпщхьэнт - лэкъумри ирырешх, щымыгъупщэ у чыхуи кьыхсухурехь жьихуиIэ у. Пщыхьэщхьэм, дыгъэр кьуэмыхьэ щIыкIэ, шкIэр жэрыжкIэ кьэкIуэжыртт, торбэми иIу чыхуи кьыздихуэрт.

Ауэ зы махуэ гуэрым, дыгъэр кьухьа пэтми, шкIэр кьэкIуэжыртэкъымкъэкIуэжыртэкъым. Фызыжьми ар зыхуихьынур имыщIэу поплъэри-поплъэ, Уафэрэ уфыщIащ, шкIэрэ кьэкIуэжыркъым. Фызыжьым и шкIэ цIыкIум зыгуэр кьыззэрыщIщар кьыгуроIуэри, баш хьэнщакъыр кьецIэ аби, лъыхъуакIуэ кьурщым макIуэ. Здэжьум ТхьэкIэжьмкъхьэ кьэх уоэ. Фызыжьыр иоупщI абы:

- Ярэби, Тхьэлу мэкIыхь цIыкIу, си шкIэ кьуэлэным утеплъагъэхуи? - жеIэри.

- Уи шкIэ кьуэлэн цIыкIур уд бзаджэм ишхащ, - жи тхьэкIумэжьыхьым. - Ныжьбэ кьэкIуэнуэр эрри узыIуридзэнущ.

Шынащ фызыжьыр, куэду кьэнэщхьейщ. АрщхьэкIэ сыт щIэнт - гъыри и унэ кIуэжащ. Куэбжэпэм тIысащи, кьэпсыр щIегъэкI. Магъ фызыжьыр, мэгуэзащ. Фызыжьым зэрызилIжыр цIыхуми зэхахащ, езыхэр фызыщиудын хьэзырщ. Абдежьым блэкIт Дыдри, кьоупщI:

- Ей, нанэ, нанэ, щхьэ унэщхьей? - жи.

- Си шкIэ кьуэлэн цIыкIур уд бзаджэм ишхащ, - жи фызыжьым. - Ныжьбэ кьэкIуэнуэр эрри сызыIуридзэнущ.

- Умышынэ, нанэ. Сэ ныжэбэ жэкIэ сыкъэкIуэнащи, лажьэм укъезгъэлынщ.

АбыкIэ блэкIт Банэри кьоупщI:

- Ей, нанэ, нанэ, щхьэ угуэ-завэр? - жи.

- Си шкIэ кьуэлэн цIыкIур уд бзаджэм ишхащ, ныжэбэ кьэкIуэнуэр эрри сызыIуридзэнущ.

- Умышынэ, нанэ. Сэ ныжэбэ жэкIэ сыкъэкIуэнащи, лажьэм укъезгъэлынщ.

АбыкIэ блэкIт Банэри кьоупщI:

- Ей, нанэ, нанэ, щхьэ угъурэ? - жи.

- Си шкIэ кьуэлэн цIыкIур уд бзаджэм ишхащ, ныжэбэ кьэкIуэнуэр эрри сызыIуридзэнущ.

АбыкIэ блэкIт Банэри кьоупщI:

- Ей, нанэ, нанэ, щхьэ зыплIэжрэ? - жеIэри.

- Си шкIэ кьуэлэн цIыкIур уд бзаджэм ишхащ, ныжэбэ кьэкIуэнуэр эрри сызыIуридзэнущ.

- Умышынэ, нанэ, сэ ныжэбэ жэкIэ сыкъэкIуэнащи, лажьэм укъезгъэлынщ.

АбыкIэ блэкIрэхъуькIт мывэ Бэлбэрыуэри, кьыбгъэдокIэрахъуэр аби, кьоупщI:

- Ей, нанэ, нанэ, щхьэ угумэщIрэ? - жеIэри.

- Си шкIэ кьуэлэн цIыкIур уд бзаджэм ишхащ, ныжэбэ кьэкIуэнуэр эрри сызыIуридзэнущ.

- Умышынэ, нанэ, сэ ныжэбэ жэкIэ сыкъэкIуэнащи, лажьэм укъезгъэлынщ.

Ауэрэ жэщри кьоблагъэ аби, мохэр зочэнджэщыж ящIэнумкIэ. Дыдыр макIуэри фызыжьым и бгырыпхым зыдегъапщкIуэ, Банэр уэздыгъэ кьуагъым кьыкъуотIысхьэ, джэд Джэдыдэр хьэкум йоджэрааз, Хьэндыркъуакъуэр псылъэ чейм йопкIэ, Бэлбэрыуэ бжащхьэм докIуейри зеудыгъу.

ЯтIэм зэкIуэн имыгъуэту лъэгум йоупIэх.

Уи бзаджи эр кьокIуэри, унэм щIофырхъэ аби, жеIэ:

- Ей фызыжь, иджыпсту усшхынущ! - жи. - Ауэ кьыщыщIэздзэнур сщIэркъым.

Фызыжьыр кьоспсалъэри:

- Си ныбэм кьыщыщIздзэ! - жи.

Удыр абы и ныбэм епхъуэ щхьэкIэ, и Iэхур хьуакъым: Дыдыр и джабэм кьыхуэу.

- Ай, уи ныбэм банэ тетт!

- НтIэ, си щхьэм кьыщыщIэдзэ!

- Уи щхьэм щхьэц тетщ!

- Тетмэ, кьичI! - жи фызыжьым. - Ауэ япэ щыкIэ уэздыгъэр щIэгъаныр.

Удым уэздыгъэр щIигъэнэну щыхуежьэкIэ, и Iэм Банэм зыкъыхэкIкIэ. Удыр хьэкум мажэ мафIэ кьыщIэу игъэнэхуну, арщхьэкIэ Джэдыкъэр къуоурэ и нэм зыкъыщIеупщI. Псы кьригъэхуэну Удыр чейм бгъэдохьэ, Хьэндыркъуакъуэр кьопхъэурэ, и пэр еубыд. Удыр мащтэри, щIэпхъуэжьыну щилIкIэ, ЯтIэм егъэцIантхъуэри, мэджаалэ. Абы ирихьэлIэу Бэлбэрыуэр кьоСри, уд бзаджэр епIытI.

Абы хуэмеямэ нэгъуэщIым и шкIэ ишхынтэкъым.

ЗэхьдзэкIар

НАЛО Заурщ.

● Цыкуэхэм я гупсысэхэр

КьызэрыгуэкIыу ущытыныр тыншкъым

Мыхьэнэшхэу зиIэ Iэхуэхэр заищIэу зэфIэкIаркъым.

Софока,
алыдж драматург.

Щхьэхыпэхэр сытым дежи зыгуэр ящIэну щIохьэпс.

ВОВЕНАРГ Люк,
франджы тхакIуэ.

Псори зэгъуэсу зэфIэбгъэкIыну нужь уихьэмэ, зыри умыщIэну араща.

ЛИХТЕНБЕРГ Георг,
нэмыцэ тхакIуэ.

Уи щхьэр къэбгъэпщIэжыныр нэхъ тынщщ, нэгъуэщI къэбгъэпщIэн нэхъ рэ.

ДЕМОСФЕН,
алыдж щIэныгъэлI.

- Сурэт пщIыну гугъу? - Ар е тынщ дыдэщ, е пхуэзфIэмыкIынщ.

ДАЛИ Сальвадор,
испан сурэтыщI.

КьызэрыгуэкIыу ущытыныр хьэл гугъу дыдэщ - куэдрэ зыпхуэIыцъынукъым.

УАЙЛЬД Оскар,
ингилыз тхакIуэ.

Адыгэ пщащэр мэгуфIэ.

● Зыхуэзбгъадэ хъун щымыIэ

● Псалъэжьхэр

ТхьэмыщкIэр тIэу мэльаIуэ.

◆Пэжым утетмэ, уи унэ уекIуэлIэж хуэдэу хамэ унэ уеблагъэ хъунущ.
Шапсыгъ.

◆Iуэху мыублэ блэ хэсщ.
Шэрджэс.

◆Уэзлъэпэуар дзэкIэ кьыщыщIэжи кьохъу.
Адыгей.

◆ ТхьэмыщкIэр тIэу мэльаIуэ.
Балъкъэр.

◆Гущэ пэрхъхэр зыхэкIам, адрейхэри хэпэнукъым.
Нэгъуей.

◆Дэтхэнэ къуажэми езым и лы зэпыгъэжькIэ иIэжщ.
Къумыкъу.

◆ЦIыху псоми кьащхьэщытыр зы уафэщ.
Осетин.

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ.

● Узышагъэ

Лы лей къэпщтэну ухуэмеймэ

◆ Пщэдджьыжьышхэ жьыуэ пщIын хуейщ, шэджагъуэм уи ныбэ изу ушхэныр нэхъыфIщ, пщыхьэщхьэшхэр шхукIэ зэфIэгъэкIыпхьащ.
◆Лей зэрыпшхыр пщIэуэ, ушхэ хъунукъым.
◆ ХадэхэкIхэмрэ пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ Iэмал зэрилIэкIэ нэхьыбэу шхы.
◆Лъатэм нэхь езэгъыр шхын хуабэращ.
◆Зы шхыныгъуэр сытым дежи пшхы хъунукъым. АтIэ Iэфlри, шыугъэри, гуащIэри зэблэгъэкIыу щытыпхъэщ.
◆IэфI гуэр фигу кьихьамэ, жызым е хуэрэджэ гъэгуа фшхы.
◆Угубжьауэ, зыгуэр щхьэкIэ упу ныкьуэу ушхэну утIыс хъунукъым. Ятэ щыкIэ, уи гур гъэпсэхужи, итIанэ Iэнэм гъэрытысхьэ.
◆ЦIыхухэм гъур зэрызащI Iэмалхэм я нэхьыфIыр нэхьыбэрэ къэкIуэхьынымрэ къэжьхьыынымрэщ.
◆ Махуэ кьэс лъэбакъуэ мин нэхьрэ мынэхь мащIэ зэрыфчыным нужь фит.
◆Шей удзыфэ нэхьыбэрэ фефэ.

● ПщыхьэпIэхэм къарыкIыр

Хъер ухъу!

● ЦIыхубзым пылъэ илъагъуэ, гуфIэгъуэ гуэрым хэтыну араща.
● ЩIакхъуэкIэ зыгуэрым удэгуашэу пщIыхьэпIэу пльагъуэ, шхын ущымыщIэу уи гъащIэр пхьынщ.
●Шы хужь утесу кьэбжьыкъу пльагъуныр хуабжьу фIыщ, ныбжьэгъуфI куэд бгъуэтынущ. Шыр фIеймэ - дзыхь зыхуэпщIхэм укъагъэпцIэнщ.
●Сабий гъыуэ пльагъумэ, усымаджэнущ, е зыгуэр уи жагъуэ хъунущ.
● Псы къабзэ пльагъумэ, уи Iуэхухэр фIы дыдэу екIуэжынущ, гуфIэгъуэ уиIэнущ.
●Псэущхьэ гуэрым и фэ пльагъумэ - фIыуэ пльагъу Iуэхум удихьэхынурэ, мылькукIэ хэхъуэ уиIэнущ.
●Псы кьабзэм дзэжьыей хэсу пльэгъуамэ, насып кьоуэлIэну араща.
●Пщыхьым ухэту ашыкым хъэшыпыщIэ куэд кьипхыу пльагъумэ, кьулей ухъуну аращ.
●Уи Iуэху кьызезымыхуэ бэдж куэд пльагъумэ, уи ныбжьэгъуэм уи Iуэхур кьыбдаIыгъынущ.

● ГушыIэ

Зыри хэлъкъым

- Франджыбзэр зэбгъэщIэну гугъу? - еупщIащ Гейне зы бзылъхугъэ.

- Зыри хэлъкъым, - итащ жуэап Гейне, - нэмыцэ псалъэхэм я пIэкIэ франджы псалъэхэр къэбгъэсэбэпын хуей кьудейуэ араща.

Сэ псори сщIэн?

Адэр и къуэхэм йоупщI:

- Хэт лы зышхынур?

- Сэ, - жи щIалэхэм ящыщ зым.

- Хэт хьэлджей зышхынур?

- Сэ, - жи ардыдэм.

- Хэт гуэгушыл ишхын?

- Сэ, - жи аргуэру шхэн зыфIэфI щIалэм.

- Пщэдей губгъуэм дыкIэнущи, хэт удэ пызупщIынур?

- Сэ псори сщIэну?! Адрейхэри ирелажьэ, - жи иджыри къэс кьыхэкIиикIыу щыса къуэм.

Япэнэс

- Уи къуэм си кхъужь ныкъуэхъур кьыпичащ, - хуотхъэусыхэ гъунэгъу фызыр лIым.

- Еплъыт а Япэнэсым, хьуху ежьэ хьунутэкъэ?!

● ЗэвгъэцIыху

Бдзэжьей лIэужьыгъуэхэр

Бдзэ жьейхэм я нэхъ цIыкIур Филиппиныым и гъунэгъу псыхэм хэсщ. Ар пандак бдзэжьей цIыкIурщ - сантиметр 0,6-рэ зи кIыхьагъырщ.

* * *

Бдзэжьейхэм ящыщ нэхъ ин дыдэр джеи дзеИхэмрэ абрагъуэ дзеИхэмрэщ. Абыхэм я кIыхьагъыр метр 18 - 20-м нос.

* * *

Бдзэжьейхэр лIэужьыгъуэ куэду зэщхьэщоцкI. Псалъэм папщIэ, щыIэщ пхъэхьыпэ бдзэжьей. Абы пхъэхьм ещхь и пэмкIэ шхын кьиныхьуэру араща. Ауэ ар бгъэпIейтеймэ - зыщыхьуэмэ, Абы и пэ папщIэмкIэ кхъуафэжьейхэр щыпхиуд щыIэщ.

* * *

Бдзэжьей псыутхыр гъудэм, аргуэйм, бадзэм йощакIуэ. Бдзэжьейм и кIыхьагъыр сантиметр 20 нэхьыбэ хъуркъым. Абы и Iупэр псым кьыхешникIри, псы ткIупскIэ, ткIупс зыбжанэ зэкIэлыкIуэкIэ нэ зрищам йоуэ, темыхуамэ, етIуанэу кьыгтрегъэззэж. Бдзэжьейм метри 4 - 5-кIэ псы еутх, зы метр, метритI нэхьрэ нэхь мыльагъэ кьыщхьэщыт гъудэр е бадзэр блимыгъэкIыу кьредуахри, прегъэлъэтэж.

● Хъуэхъу

Аруан районым хьыхэ Къэхъун къуажэм щыпсэу Бицу Iэхьед и къуэ Заур цIыкIу дыгъуасэ илъэсищ ирикъуащ



Ди щIалэ гъэфIэн Заур! Уи махуэр дыгъэпсу, уи уафэр кьащхьэрэ уи щIылъэр щхьэнтэу щыгъыну, гуфIэгъуэрэ дэрэжэгъуэкIэ гъэнщIа сабиигъуэ уиIэну, уи насып ящыгъуэ уэгум иту, щIалэ къудану балигъыпIэм унэсыну, щIэныгъэмрэ акъылымрэ уи Iэпэгъуу, и хьэхьжьхэр кьохъуэхъурэ нэхъыщIэхэр къохъуапсэу гъащIэ дахэрэ насып инкIэ Тхьэр кьыпхуэупсэну дыдохъуэхъу.

Уи анэшхуэ Бицу Сэлимэт, уи адэшхуэ-анэшхуэхэу Къандэхъухэ Лиуанрэ ФатIимэтрэ, уи шыпхъу цIыкIу Каринэ.

● Фэ фщIэрэ?

Щхьэхынэхэр нэхъыфIу щIэлажьэр

■ Щхьэхынэхэм сыт хуэдэ Iужурн нэхъ псынщIэу зэфIагъэкI, зэман къахуэнэн папщIэ.
■ Къалэн ящыщIар нэгъуэщIу зэрадзэкIыфыныкъым, мэщцхэхэри.
■ Iужум зэребгъэбдыпIэу лэжьэн щIадзэ, ягу ныкъуэу щымысын папщIэ.
■ Я пщэ къраратьхьар гу съэззгъауэ ящIэ, етIуанэу тедзэщIыхьынымрэ щхьэхэри.
■ Зыпэрыхьа Iуэхум и хэкIыпIэ нэхъыфI дыдэр занщIэу къагъуэт, зыри ямыщIэу щыщысын зэманыр къыдагъэкIын щхьэкIэ.
■ Щхьэхынэхэр лэжьапIэм нэхъ жьыуэ макIуэ, нэхъ псынщIэу лажьэу, щылтыну унэм кIуэжьын папщIэ.
■ Сыт хуэдэ хьэщыныпыр дэнэ дэж щытыми ящIэ щхьэхынэхэм, къалтыхъуэн мэщхэхэри.

Псалъэзэблэдз

ЕкIуэкIыу: **7.** Гъэгуэм иIэ кумблIэмбхэр. **8.** Пхъэм къыхэщIыкIа кумбыгъэ ин, тхьэ иралъхьэу. **9.** Гъэм и зэман. **14.** Адыгэ лъэпкым и зы къудамэ. **15.** Мывэ блын лъагэ. **16.** Дыщэм ихуэкIэ ихьапIэу мывэ. **17.** Мэдахэ къызыхих ткIуаткIуэ. **18.** Псы ина. **19.** Цы щабэ зытет щэкI Iув. **23.** Ищхьэ лигэм хэт футбол командэ. **25.** Хьэжьигъэм къыхэщIыкIа адыгэ шхыныгъуэ. **27.** «Си Iэпкъльэпкъым ... ищIащ». **28.** УщIэдыхьэшхын ущIэгуэзвэни зыхэдь Iуэху. **30.** Нарт хасэм и тхьэмадэ Насрэн ЖьакIэ гъэ зыщIа тхьэпэлыгъэ. **31.** Езыр-езыру къыщIэж псы. **32.** Нартыху гъэлыгъуа хьэжьигъэ. **33.** Щхьэусыгъуэ гуэркIэ къуажэр кьибгынаеу зызыгъэпщкIуу щытам зэреджэ. **36.** Гъэмахуэм ..., щIымахуэм гу щIэ» - псалъэжь. **37.** Дзэлыкъуэ районым щыщ къуажэ. **39.** Джэдкъаз. **41.** КъэкIыгъэ лъабжьэм и къуэпс. **44.** Фочыпэм палъхъэ, ирипыджэу. **45.** Мэкъу сатыр пыупщIа. **46.** Бгырыпхыщхьэ. **47.** Зеиннэ. **48.** Минурэ мин. **51.** ЕуэкIыпIэ. **53.** Щхынхэлъхьэ. **55.** МэкъупIэхэм узыщрихьэлIэ къуалэбзу. **56.** ХупщIынэр эзрагьэтэдж. **57.** ХъуаскIэ къызыхих мывэ джей быдэ.

Къехьу: **1.** Ди къэралым щыпсэу лъэпкъ нэхъ ин дыдэр. **2.** И щыр фIыщIэрэ щIууэ къуалэбзу пIащэ. **3.** БжэIулъэ. **4.** ХъумакIуэ, къэрэгъуэ ... **5.** ХадэхкI. **6.** Щыхьэжэ, зэрыхьэжэ. **10.** Нарт лIыхъужь. **11.** Къуащэ-чыцэм къыпыкIэ пхъэщIэсымащхьэ. **12** «ЦIыхубз ... хущанэ» - псалъэжь. **13.** Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыхьэ тхакIуэ. **20.** Шэщ. **21.** Унэм ибгъу. **22.** Санэм ещхь пхъэщхьэмыщхьэ хьурей щIыкIу къызыпыкIэ удз. **24.** Лъагэ, абрагъуэ. **26.** Дзрбэгр Iэмэпсымэ. **27.** Муслымэн диным емыIэтэ Iуэху блэжьмэ, кIыптохуэ. **29.** Уэрэд нэщхьей, гууз. **30.** Дыгъэ къыщIэкIыгъуэм щIэплъыпIэм къыщинщI пльыжьыгъэ. **34.** Адыгэ кхъухьлатэзехуэ, Совет Союзым и ЛIыхъужь. **35.** ... идзыпIэ. **38.** ХадэхэкI. **40.** Бдзэжьей лIэужьыгъуэ. **42.** Муслымэн диным зэрыжиIэмкIэ, зи щIалэгъуэр имыкIыу жэнтым их тхьэIуху. **43** «... вы бжьакъуэм кьокI» - псалъэжь. **49.** Ди республикэм щыIэ псыежэх. **50.** Зи нэхэр кууу ис. **51.** Тырку дзэзешэм зэреджэ. **52.** Iуданэу зэхэша кIапсэ псыгъуэ цIыкIу. **53.** ГъэшхэкI. **54.** Шым и фэ.

Зэхэтыльхьар **МЫЗ Ахьмэдщ.**



Жэпуэгъуэм и 20-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкIуэкIыу: **3.** Гущэ. **6.** Гъуэз. **8.** Аруан. **9.** Лъабэз. **10.** Iумыл. **13.** Деур. **14.** Кьурашэ. **15.** Хъун. **16.** Мет. **18.** ХущIэ. **20.** Щэ. **22.** Сыдж. **24.** Ерэзн. **25.** ПкIауэ. **26.** Выид. **28.** Дэн. **29.** ХьэIупэ. **31.** Аслъэн. **35.** Назирэт. **36.** Адэжьи. **39.** КъурIэн. **42.** Тхыдэ. **43.** Iущхьэ. **44.** Ерэз. **45.** IэбгIэ. **48.** Бланэ. **50.** Тэн. **51.** Кьум. **52.** Сэжьу. **54.** Кьурш. **56.** Шы. **58.** Дарадж. **60.** Джэду. **61.** Надз. **62.** ХьэмкIэ. **63.** Мурад. **64.** Хьан. **65.** Шыр.

Къехьу: **1.** БыртIым. **2.** Мэзыхьэ. **4.** Мамкъут. **5.** Банэжу. **7.** Заур. **11.** ЛантIэ. **12.** Сарыкъ. **13.** ДыщэкI. **17.** Ержыб. **19.** ЩIыпэнэ. **21.** Аркъэн. **23.** Дурэгъ. **27.** Дестынэ. **28.** Душанбе. **30.** Пшапэ. **32.** Сэнтх. **33.** Щиху. **34.** Бжы. **37.** Кьурмэн. **38.** Iуданэ. **40.** ПщыкIыу. **41.** Куэзыр. **46.** Гъымбу. **47.** Нэгъуэдж. **49.** Лапын. **52.** Сэдэкъэ. **53.** ХьуаскIэ. **54.** Кьундуз. **55.** Шэджагъуэ. **57.** Шэпхъ. **59.** Хьудыр.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

ЖьакIэмыхьу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъуарыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Жылаесэ Маритэ, Ныбжьэ Таисэ, Уэрдокъуэ Жансурэт, Хьэжыкъарэ Алик, Шал Мухьэмэд.**



ДИ ХЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - ещIанэ къатэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ льэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьумэ Iуэхущ1апIэхэм ядолжьэныкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ пасымохьмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 42-63-64, 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1апIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьэ бжьыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пжьагьыныкIэ аэр зытхаэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтехуэ зэныту щыткьым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьанырэ и пщэ дольщ КъБР-м федеральнэ пошт зэныщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щиныкIэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъаэм и 16-м №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы ильэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

КъБР-м Щинхабзэмрэ хъыбарегъащIэ ГънатIэхэмкIэ и министерствэм 1905 гъэм щыIа Революцэм и цIэр зезыхьэ и полиграфкомбинат. Налшык къ., Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, телефоныр 42-35-75.

Мы кьыдэжьыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Дыщэкl Соня, редактору Истепан Залинэ, корректорхэу Афэ Тамарэ *(3,4-нэ нап.)*, ПхьитIыкI Юрэ *(1,2-нэ нап.)*, корректорхэм я дзэныкьызэгъу Иуан Заирэ. *КомпьютеркIэ газетым и текIыр яшIащ:* Дол Маринэ, ГъучIэдI Рае, Щомахуэ Марианнэ, *сурэтыщI* Бицу Жаннэ.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ тедзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м. Щыгрэдзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 10.045● Заказ №3119